

D+S  
M  
**Tankou ti béké**  
Mt 19, 14

NF p. 326

Paroles et musique : 19 août 1995

S. Jean Eudes

**R. Péyi Roua nan Sièl sé pou ti Béké,  
Sa-k sanblé ak yo, y-ap antré ladan-l.**

- |   |  |
|---|--|
| 1. Nan yon tè ki sèk, ki bouké ak souaf,<br>Ki pa gin tak dlo, Israël maché.<br>Pandan karantan, Granmèt la poté-l,<br>Tankou yon Papa k-ap poté Pitit.                       | Mt 19, 14  |
| 2. Lè Pèp Israël té yon ti Béké,<br>Bondié té rinmin-l tankou dé grinn jé-l.<br>Lè-l fi-n instalé, li pran pòz gran moun,<br>Bondié égzilé-l pou-l tounin ti moun.            | Ps 63, 2 ; 42, 2-3 ; 84, 3<br>Ac 13, 18 ; Dt 1, 31 ; 32, 6           |
| 3. Yo té prezanté ti moun tou piti,<br>Pou Jézu béni, Apot yo pa-t vlé.<br>Jézu dékläré sièl la sé pou yo,<br>Li mét min sou yo, Li anbrasé yo.                               | Os 11, 1 ; Ex 4, 22 ; Is 63, 16                                      |
| 4. Sé chans pou sa-k pòv, sa-k tou dou nan kè-l,<br>Sa-k nan gro lapinn, sa-k anvi vi-n sin,<br>Sa-k gin kè sansib, sa-k gin kè yo nèt,<br>Sa-k chèché lapè, sa y-ap trakasé. | Mt 19, 13-15   |
| 5. Ti moun inosan, yo pa gonflé kè,<br>Yo pa nan pran pòz, yo pap chèché grad,<br>Yo konnin yo fèb, yo rét kè pozé,<br>Yo rét an silans, yo sou bra manman.                   | Mt 5, 3-10   |
| 6. Nou tankou ti moun ki gin kè yo sinp,<br>K-ap kouté sajès Bondié k-ap palé,<br>K-ap pran lansègnman pou yo gin konprann,<br>Pou yo konn chémin ki minnin nan sièl.         | Ps 131,1-2<br>1 Th 2,7 ; Pr 9,4<br>1 P 2,2<br>Pr 8,32-33<br>Mt 11,25 |